



nystateofhealth™

The Official Health Plan Marketplace



KIMOUN KI KALIFYE?

TIMOUN KI:

- Poko gen 19 lane
 - Rezidan Eta New York
 - Pa kalife pou Medicaid
 - Pa gen pwoteksyon nan lòt asirans sante
 - Pa kalife pou oswa pa enskri nan asirans nan yon pwogram avantaj sante Eta a bay (NYSHIP)
 - Timoun yo kapab kalife kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo

Yon koutje Sou Child Health Plus

KISA KI GARANTI?

- Randevou pou byenèt timoun
 - Egzamen fizik
 - Vaksinasyon
 - Sèvis laboratwa ak imajri
 - Sèvis pou ijans
 - Medikaman sou preskripsyon
 - Medikaman ki pa preskripsyon, si se yon doktè ki kòmande li
 - Swen pou pasyan entène lopital
 - Sèvis tretman akoutèm pou pasyan ki pa entène (chimyoterapi, emodyaliz)
 - Sèvis sante mantal ak sèvis pou moun ki pran alkòl/dwòg pou pasyan ki entène ak ki pa entène
 - Sèvis swen dan ak swen zye
 - Sèvis pou ede pale ak tandé
 - Ekipman Medikal Dirab
 - Ospis

KONTAKTE NOU:

nystateofhealth.ny.gov | 1-855-355-5777 oswa TTY 1-800-662-1220

NY State of Health konfòme li ak lwa konsènan dwa sivil federal epi li pa fà diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun fêt, si moun nan se famn oswa gason, laj moun, oswa andikap moun nan pwogram ak aktívite sante li yo.

KONBYEN YON PLAN CHILD HEALTH PLUS KOUTE?

FRÈ POU PEYE CHAK MWA: Pri pou peye chak mwa a depann selon depannde revni kay la ak kantite moun ki nan fanmi an.* Pa gen okenn prim pou fanmi ki gen revni ki ba yo. Fanmi ki gen revni yo ki pi wo yo peye yon prim chak mwa, selon tablo ki anba la a. Pou fanmi ki pi gran yo, limit pou frè chak mwa a baze sou twa (3) timoun. Fanmi revni yo depase nivo pou asirans sibvansyone yo kapab peye tout prim nan, ki varye selon plan sante ki fè pati nan pwogram nan.

KOTIZASYON NAN FRÈ YO: Child Health Plus pa gen okenn dediktib pou peye chak ane ni okenn kopeman.

| Maksimòm Revni Chak Ane selon Kantite Moun Nan Fanmi An | | | | Kontribusyon Fanmi an Chak Mwa Pou Chak Timoun (ou p ap peye pou plis pase 3 timoun) |
|---------------------------------------------------------|-----------|-----------|-----------|--------------------------------------------------------------------------------------|
| 1 | 2 | 3 | 4 | |
| \$19,296 | \$25,984 | \$32,672 | \$39,360 | \$0 |
| \$26,774 | \$36,053 | \$45,333 | \$54,612 | \$9 (maksimòm \$27) |
| \$30,150 | \$40,600 | \$51,050 | \$61,500 | \$15 (maksimòm \$45) |
| \$36,180 | \$48,720 | \$61,260 | \$73,800 | \$30 (maksimòm \$90) |
| \$42,210 | \$56,840 | \$71,470 | \$86,100 | \$45 (maksimòm \$135) |
| \$48,240 | \$64,960 | \$81,680 | \$98,400 | \$60 (maksimòm \$180) |
| >\$48,240 | >\$64,960 | >\$81,680 | >\$98,400 | Prim konplè, selon plan sante a |

* Kòmanse 1ye janvye 2017. Nou ka chanje Nivo Revni yo chak ane selon Nivo Pòvrete Federal ia (Federal Poverty Levels, FPL).